



# Social Security

Dwa ou pou kesyone  
Desizyon ki pran Sou  
Demann Ou



The background of the lower half of the page features a stylized graphic of the American flag. It consists of numerous curved, overlapping bands in shades of blue, white, and red, creating a sense of motion and depth. Small white stars are scattered throughout the design, some on the bands and others in the corners.

www.socialsecurity.gov

# Dwa ou pou kesyone Desizyon ki pran Sou Demann Ou

Sekirite Sosyal vle asire ou resevwa benefis Sekirite Sosyal ou kalifye pou jwenn. Nou gade tout enfòmasyon yo avèk atansyon anvan nou pran yon desizyon sou kalifikasyon ou pou benefis yo ak benefis ou kapab resevwa. Si w pa dakò avèk desizyon nou pran, ou kapab fè apèl kont desizyon an. Sa vle di ou kapab mande ou pou nou gade ka ou ankò. Lè w mande pou gen yon apèl, n ap gade tout desizyon an nèt, pa sèlman pati ou pa dakò a. Si desizyon nou an pa t bon, n ap chanje li.

Anjeneral, gen kat (4) nivo nan pèl la. Si w pa satisfè avèk desizyon ki nan yon nivo, ou kapab fè apèl pou pase nan pwochen nivo a. Men nivo yo:

- Rekonsiderasyon;
- Odisyon;
- Revizyon Komite Apèl; ak
- Tribunal Federal.

## Kilè pou fè apèl

Pou w kapab fè yon apèl, li enpòtan pou konprann dèle ki genyen pou w kapab mande pou gen apèl la. Ou genyen yon peryòd 60 jou pou mande pou gen yon apèl. Peryòd sa a kòmanse apati dat ou resevwa lèt ki fè w konnen desizyon nou an. Nou sipoze w ap resevwa lèt la nan senk (5) jou ki vini apre dat ki sou lèt la, sof si ou ka montre nou ou resevwa li pita.

Si w pa mande apèl la nan limit tan 60 jou a, ou kapab pèdi dwa ou pou fè apèl la epi dènye desizyon nou pran an ap vin final. Pa egzanp, si w pa mande pou rekonsiderasyon nan 60 jou, ou kapab pèdi dwa pou nou rekonsidere ka ou.

Si w genyen yon rezon valab pou w pa fè apèl sou ka ou nan limit tan an, nou kapab ba ou plis tan. Ou dwe fè nou yon demann pou plis tan alekri, pou di rezon ki fè w gen reta a.

Lè dènye jou limit tannan se yon Samdi, Dimanch oswa jou ferye nasyonal, limit tan an fini nan pwochen jou ouvrab la.

## Fason pou Fè Apèl

Ou dwe fè demann apèl ou alekri. Ou kapab rele nou pou mande yon fòmilè apèl oswa voye ba nou yon nòt ou siyen ki gen ladan nimewo Sekirite Sosyal ou pou di ou vle fè apèl kont desizyon nan ka ou. Si ou te aplike pou benefis andikap epi yo te refize demand ou pou rezon medikal, ou kapab mande yon apèl sou sit wèb nou, [www.socialsecurity.gov/disability/appeal](http://www.socialsecurity.gov/disability/appeal).

## Dwa ou pou ou genyen reprezantasyon

Ou kapab chwazi pou fè yon moun ede ou avèk apèl ou fè a oswa pou moun lan reprezante ou. Reprezantan ou an kapab yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye ki abitye avèk ou ak pwogram Sekirite Sosyal. N ap travay avèk moun lan menm jan nou ta travay avèk ou.

Reprezantan ou kapab aji pou ou nan pifò afè Sekirite Sosyal epi l ap resevwa yon kopi nenpòt desizyon nou pran konsènan demann ou.

Reprezantan ou pa kapab fè w peye ni mande w frè san w pa jwenn apwobasyon nou alekri anvan. Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon reprezantan, mande piblikasyon, *Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan* (Piblikasyon nimewo 05-10075), ki disponib tou sou entènèt nan sit wèb nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

## Rekonsiderasyon

Yon rekonsiderasyon se yon revizyon konplè demann ou yon moun fè nan Sekirite Sosyal (oswa nan sèvis detèminasyon enfimite leta si w fè apèl kont yon desizyon pou enfimite) ki pa gen anyen pou wè ak premye desizyon an. Moun lan ap gade tout prèv ki te itilize pou pran premye desizyon an, plis nenpòt nouvo prèv.

Lè nou pran yon desizyon sou rekonsiderasyon ou, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike w desizyon nou pran an.

## Odisyon

Si w pa dakò avèk desizyon rekonsiderasyon an, ou ka mande pou gen yon odisyon. Odisyon an ap genyen alatèt li yon jij lwa administratif ki pa t patisipe nan premye desizyon an oubyen nan rekonsiderasyon ka ou.

Anjeneral odyans lan fèt nan yon distans pa plis pase 75 mil ak lakay ou. Jij lalwa administratif la ap fè ou konnen lè ak kote odyans lan ap fèt.

Anvan odisyon an, nou kapab mande w pou ba nou plis prèv epi pou klarifye enfòmasyon sou demann ou. Ou kapab gade enfòmasyon ki nan dosye ou epi ban nou nouveau enfòmasyon.

Nan odisyon an, jij lalwa administratif la ap kesyone ou menm ak nenpòt temwen ou mennen nan odisyon an. Lòt temwen, tankou espè medikal oswa espè pwofesyonèl, kapab ban nou nouveau enfòmasyon tou nan odisyon an. Ou menm oswa reprezantan ou ka poze temwen yo kesyon tou.

Nan sèten ka, nou ka òganize odisyon an nan konferans sou vidéyo alaplas prezantasyon an pèsòn nan. N ap kite w konnen davans si se sa k ap fèt. Avèk odisyon nan vidéyo, nou kapab fè odisyon an pi konvenab pou ou. Souvan yon aparans sou vidéyo kapab planifye pi vit pase yon aparans an pèsòn. Epitou, yon odisyon sou vidéyo kapab fèt pi pre lakay ou. Sa kapab fè li pi fasil pou ou pou jwenn temwen oswa lòt moun pou akonpaye ou.

Anjeneral, ou gen enterè patisipe nan odisyon an (an pèsòn oubyen pa konferans vidéyo). Si w pa ta vle fè sa, ou dwe fè nou konnen alekri pou endike nou ou pa vle patisipe.

Si ou pa kapab vini nan yon odyans, oswa si ou pa vle fè sa, ou dwe fè nou konnen sa alekri imedyatman ou kapab. A mwen ke jij lalwa administratif la ta kwè prezans ou nesesè

pou li pran desizyon sou ka ou epi li egzije w pou vin patisipe, ou p ap gen pou ale nan odisyon an. Jij la ap pran yon desizyon dapre tout enfòmasyon ki nan ka ou, avèk tou nenpòt nouvo enfòmasyon ou bay.

Si w pa anmezi pou patisipe nan odisyon nou planifye pou ou a, ou ta dwe fè nou konnen rezon an imedyatman ou ka fè sa. Oswa nou kapab anmezi pou fè lòt aranjman pou ou, tankou chanje tan an oswa kote odisyon ou ap fèt. Ou dwe genyen yon rezon valab pou nou fè lòt aranjman yo.

Apre odyans lan, jij la ap pran yon desizyon dapre tout enfòmasyon ki nan ka ou, avèk tou nenpòt nouvo enfòmasyon ou bay. N ap voye ba ou yon lèt ak yon kopi desizyon jij la.

## Revizyon Komite Apèl

Si w pa dakò avèk desizyon jij lalwa administratif la pran nan odisyon an, ou kapab mande pou Komite Apèl Sekirite Sosyal la fè yon revizyon. Komite Apèl la ap gade tout demann ou te fè pou revizyon yo, men li kapab refize yon demann si li kwè desizyon ki pran nan odisyon an se yon desizyon ki kòrèk. Si Komite Apèl la ta deside revize ka ou, Komite a ap swa pran yon desizyon sou ka ou poukout li oswa l ap pran yon desizyon pou retounen ka ou devan yon jij lalwa administratif pou pran lòt mezi.

Si Komite Apèl la refize demann ou fè pou revizyon an, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou refi a. Si Komite Apèl la pran yon desizyon sou ka, n ap voye yon kopi desizyon an ba ou. Si Komite Apèl la retounen ka ou devan yon jij lalwa administratif, n ap voye yon lèt ak yon kopi desizyon an ba ou.

## Tribinal Federal

Si w pa dakò avèk desizyon Komite Apèl la oswa si Komite Apèl la deside pou li pa revize dosye ou, ou kapab mande pou gen yon pwosè nan yon tribunal federal. Lèt n ap voye ba ou konsènan desizyon Komite Apèl la ap fè w konnen tou fason pou mande yon tribunal federal pou gade ka ou.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandem, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10058-HC  
Your Right To Question The Decision  
Made On Your Claim (Haitian-Creole)  
January 2011